*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 118 (25604)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 6 июл — сусæны мæйы 6 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

**2** НЕ 'МДУГОНТÆ — *Хъæбатыртæн мæлæт нæй*

**3** МАЛУСÆГ — *Сывæллæтты къуым*

**4** СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Уæрæсейы æртæ хатты чемпион*

**Хæрзиуджытæ**

## Уæрæсейы Президенты Кады грамотæтæ – тренертæн



**Спортсменты бæрнон ерыстæм цæттæ кæныны хъуыддаджы сгуыхтдзинад кæй равдыстой, уый тыххæй Уæрæсейы Президенты Кады грамотæтæй хорзæхджын æрцыдысты Тедеты Дзамболат æмæ Гаглойты Валери.**

**Уый фæдыл президенты Указ мыхуыргонд æрцыд барадон информацийы официалон сайты.**

**Президенты уынаффæйы куыд загъд ис, афтæмæй Токиойы Олимпиаг æмæ Паралимпаг хъæзтытæм уæрæсейаг спортсменты аккаг хуызы кæй бацæттæ кодтой, уый тыххæй паддзахадон хæрзиуæг — УФ-йы Президенты Кады грамотæ лæвæрд цæуы Уæгъдибар хъæбысхæстæй уæрæсейаг иугонд командæйы сæйраг тренер Тедеты Дзамболат æмæ дзæуджыхъæуккаг спортивон скъола ”Стимул”-ы директор Гаглойты Валерийæн.**

*Нæ уацхæссæг*

**Нымæцтæ**

## Бюджеты æфтиæгтæ æмæ хæрдзтæ

**2022 азы фыццаг фондз мæймæ Цæгат Ирыстоны консолидацигонд бюджетмæ æфтиæгты хуызы бафтыд 8,6 миллиард сомы бæрц (уый у азы пъланон бæрæггæнæнæн 42,5 проценты).**

Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта республикæйы финансты министр **Исахъты Олег**.

"Ивгъуыд азы уыцы æмгъуыдимæ абаргæйæ, республикон бюджеты æфтиæгтыл бафтыд 594,6 милуан сомы бæрц. Уыимæ, фондз мæйы бæрæггæнæнтæ куыд æвдисынц, афтæмæй æппæт гуырæнты хъалонтæ æмбырд кæныны хъуыддаджы къуыхцытæ нæй. Уыцы æууæл фадат дæтты, цæмæй æрвылбоны царды фарстатæ афойнадыл лыг кæнынæн хъæугæ фæрæзтæй бюджет кадаварад ма æвзара. Фæлæ зæрдыл дарын хъæуы, Уæрæсе ныгуылæйнæг бæстæты экономикон гæрæнты уавæрты кæй архайы, уый, æмæ, гæнæн ис, фæстæдæр хъалонтæ æмбырд кæныны хъуыддаджы иуцасдæр къуыхцытæ фæзына. Иу ныхасæй, цæттæ уæвын хъæуы алыхуызон уавæртæм дæр", — бафиппайдта министр.

Ведомствæйы разамонæг куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй, сæвзæргæ экономикон æмæ æддагполитикон æууæлты архайгæйæ, уæлдай бæрнонæй кусын хъæуы, цæмæй хъалонтæ æмæ æндæр æфтиæгтæ республикæйы бюджетмæ дарддæр дæр æнæкъуыхцыйæ æмæ пъланон бæрцытæй æфтой.

**Нæ уацхæссæг**

**Æрвылкъуырион хицауадон æмбырдæй**

# Донивылдтытæй æдасдзинад, æрыгон бинонтæн цæрæнуæттæ æмæ æндæр ахсджиаг фарстатæ



**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ разамындæй уыд æрвылкъуырион хицауадон аппаратон æмбырд. Республикæйы æрвылбоны царды фарстатыл бæстон ныхас кæм рауад, уыцы фембæлды архайæг уыдысты республикон министрадтæ æмæ ведомстваты разамонджытæ, стæй хицауады федералон оргæнты регионалон хайæдтæ æмæ муниципалитетты минæвæрттæ.**

Фæстаг къуырийы тыхджын къæвдаты аххосæй республикæйы цы уавæр сæвзæрд, уый тыххæй æмбырды доклад скодта Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег**. Вице-премьеры ныхасмæ гæсгæ, Ногир æмæ Михайловскы хъæуты 'хсæн сæрмагонд службæты минæвæрттæ Терчы цæугæдоны былгæрæттæ фæфидардæр æмæ йын йæ бын расыгъдæг кодтой. Уый фæрцы цæрæн бынæттæн тæссаг нал у донивылдтыты азарæй. Томайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, хæстæгдæр рæстæг амынд æмæ æндæр бынæтты адарддæр уыдзысты цæугæдæтты былгæрæттæ фидардæргæнæн куыстытæ. Афтæ, РЦИ-Аланийы Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады специалисттæ ныртæккæ кусынц Дыгуры районы цæугæдæттыл. Фæстæдæр уыцы куыстытæ аххæсдзысты Алагиры æмæ Горæтгæрон районтыл дæр.

Сæвзæргæ уавæр баныхыл кæнынил дзургæйæ, Сергей Меняйло профилон ведомствæйы разамындæн бахæс кодта, цæмæй бацæттæ кæна донивылдтытæй æдасдзинады сæрмагонд пълан.

— Цæугæдæтты былгæрæттæ фидардæр кæнын æмæ сын сæ бынтæ расыгъдæг кæнынæй райдайгæйæ, пъланы сæ бынат хъуамæ бацахсой донивылдтыты знаггад къаддæр кæныны æппæтвæрсыг мадзæлттæ. Æнæнхъæлæджы уавæрты федералон министрады регионалон управлени ахæм программæ хъуамæ цыбырдæр æмгъуыдтæм сараза. Уый фæстæ йæ бавдисын хъæудзæн федералон ведомствæтæм, — бацамыдта Сергей Меняйло.

Республикæйы разамонæг Дзæуджыхъæуы администрацийы бæрнон кусджыты æргом сæрмагондæй аздæхта, тыхджын къæвдаты рæстæг горæты иуæй-иу уынгтæ доны бын кæй фæвæййынц, уымæ.

"Тæрккъæвдаты рæстæг горæты бирæ уынгты хæдтулгæтæ æмæ адæмæн ацæуæн кæй нал вæййы, уый не 'ппæтæн дæр зындгонд у. Æвæццæгæн, советон азтæй фæстæмæ горæты уынгты дондзæуæнты уавæрмæ уæвгæ кæсгæ дæр ничиуал кодта. Афтæмæй та, уавæр домы, цæмæй Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрад æмæ Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администраци фарстамæ бæстон æргом аздахой. Уыимæ, сбæлвырд кæнын хъæуы уавæр хуыздæрæрдæм раивыны фыццаградон мадзæлттæ. Уæ фæндæттæ æрбадæттут, цæмæй сæ царды рауадзынæн бюджетон фæрæзтæ бацагурæм", — бафиппайдта Сергей Меняйло.

**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Сæрмагонд уавæрты**

## РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Указæй...

**Коронавирусы пандемиимæ бастæй сæвзæргæ санитарон-эпидемиологон уавæр фæстаг рæстæг зынгæ кæй фæхуыздæр, уый хынцгæйæ, Цæгат Ирыстоны сæ тыхы нал сты дзыллон бынæтты маскæтæ дарын æмæ социалон хииппæрддзинады фæтк æххæст кæныны домæнтæ.**

**Уый фæдыл Указ бафыста РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло.**

**Указæй æндæр ивддзинæдтæ дæр хаст æрцыд коронавирусы инфекци парахатдæр кæнынæн гæрæнтæ æвæрыны фæдыл сæрмагонд мадзæлтты номхыгъдмæ. Ног фæтк йæ тыхы бацыд 2022 азы 4 июлæй фæстæмæ.**

*Нæ уацхæссæг*

**Æнæниздзинад**

## Фелсырон-акушерон пункты цалцæг

**Алагиры районы Цæлыккайы-фырты хъæуы фелсырон-акушерон пункты бындурон цалцæг хъуамæ ахицæн уа ацы азы кæронмæ.**

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

"Подрядон организациимæ цы бадзырд бафыстæуыд, уый бындурыл ивд æрцæудзысты медицинон кусæндоны сæр, хъармгæнæн æмæ донуадзæн системæтæ. Уымæй уæлдай, араздзытæ бакæндзысты мидæггаг æмæ æддагон аивгæнæн куыстытæ дæр", — радзырдта пресс-службæйы минæвар.

Абоны онг уал цалцæггæнæг бригадæтæ раивтой бæстыхайы сæр. Уыимæ, араздзытæ ныридæгæн бавнæлдтой хъармгæнæн æмæ донуадзæн хæтæлтæ ивынмæ, стæй иннæ мидæггаг куыстытæм.

Зæгъын хъæуы, Цæлыккайы-фырты номыл хъæуы фелсырон-акушерон пункты бындурон цалцæг сæрмагонд паддзахадон программæ "Æнæниздзинад хъахъхъæнынады рæзт"-ы фæлгæты, кæй цæуы, уый.

**Нæ уацхæссæг**

**Паддзахадон арæн**

## "Уæллаг Ларс": контролон-уадзæн пункт кусы æппæт хъарутæй

**Сæрды фæлладуадзæн сезон йæ тæмæны куыд бацыд, афтæ фылдæрæй-фылдæр кæны, Уæрæсе æмæ Гуырдзыстоны 'хсæн паддзахадон арæныл цы контролон-уадзæн пункт ис, уый сæрты ахизынвæнд чи кæны, уыцы бæлццон адæмы нымæц.**



Уыцы æууæл зынгæ къуыхцытæ æвзæрын кæны контролон-уадзæн пункты архайды. Æмæ кæд "Уæллаг Ларс"-ы æппæт фадæттæй дæр пайдагонд цæуы, уæддæр туристтæ æмæ иннæ адæмы дзæвгар рæстæг æнхъæлмæ кæсын бахъæуы, цæмæй арæны сæрты ахизой. Зæгъæм, бæлццон адæмы уадзæн пунктмæ бацæуæнты рады æнхъæлмæ кæсын бахъæуы 24 сахаты онг.

Ахæм хъусынгæнинагимæ раныхас кодта УФ-йы Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады РЦИ-Аланийы Сæйраг управленийы пресс-службæйы минæвар.

Министрады специалисттæ куыд зæгъынц, афтæмæй контролон-уадзæн пункты байгом кодтой æппæт 13 уадздзаджы дæр. Фæлæ уæддæр уыцы хъарутæ дæр бæлццон адæмыл не 'ххæссынц.

Æнæнхъæлæджы уавæрты министрад фæсидт паддзахадон арæны сæрты ахизынвæндгæнæг адæммæ, цæмæй уыцы æууæл сæ зæрдыл дарой.

Уыимæ, фæстаг рæстæг фарста æвæрд цæуы, цæмæй "Уæллаг Ларс" рацаразой æмæ йын йæ хъарутæ фæуæрæхдæр кæной.

**Нæ уацхæссæг**

**Хуссар Ирыстонæй**

## Дидинвæлыст горæт

**Цхинвалы администрацийы цъæхвæлыст æмæ фæлгонцады управленийы минæвæрттæ ацы бонты дарддæр кæнынц Хуссар Ирыстоны сæйраг горæты уынгтæ æмæ фæзты аивгæнæн куыстытæ.**



Горæты администрацийы дизайнер **Пæррæстаты Иринæ** куыд радзырдта, афтæмæй управленийы кусджытæ ацы бонты дидинджытæ æмæ къутæртæ садзынц Джиоты Аланы проспект æмæ æндæр уынгты.

"Амынд проспект, Владимир Путины, 8 июны æмæ иннæ уынгтæ тынг рафидыдтой дидинджыты ног къутæртæй. Управленийы минæвæрттæ бæлæсты уæлдай къалиутæ рацæгъдынц, стæй афойнадыл газонты кæрдæг дæр ракæрдынц", — загъта Иринæ.

**("Осинформ")**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2022 азы дыккаг æмбисæн



Зындгонд куыд у, афтæмæй 2022 азы дыккаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампанийы сæйраг æмгъуыд июны кæрон ахицæн. Иннæ хæттытау ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафыстой сæ уарзон газет.

Фæлæ "Уæрæсейы пост"-ы уынаффæйæ "Рæстдзинад" рафыссæн ис ацы мæйы æмбисмæ дæр (æрмæст æй газеткæсæг исын райдайдзæн 1 августæй фæстæмæ). 2022 азы дыккаг æмбисæн газет "Рæстдзинад" рафыссыны аргъ у 1249 сомы æмæ 38 капечы, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыдонæн та газет рафыссæн ис асламдæрæй, ома, 1021 сомы æмæ 50 капеккæй.

**Уымæй уæлдай, газет рафыссæн ис мыхуырон фæрæзтæ уæйгæнæн киосктæм дæр. Уыцы киосктæ "Ног бон" æрбынæттон сты Дзæуджыхъæуы: Мæскуыйаг уынг, 21 æмæ Марковы уынг, 20"а" номырты. Уыимæ, уыцы киосктæм газет рафыссыны аргъ у дыууæ хатты къаддæр, ома, "Рæстдзинад" 6 мæймæ рафыссæн ис 660 сомæй, (3 мæймæ — 331 сомæй, иу мæймæ та — 110 сомæй). Ахæм фæткæй чи спайда кæна, уыдоны сæ газет æрвылбон исын хъæудзæн киосктæй.**

Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.

**Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!**

***Редакци***

**Дзырды фарн**

***Зæрдæ, зонд царды гуылфæнтæм тырнынц...***

*ЕПХИТЫ Тæтæри*

**Боныхъæд** — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **6 июлы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **27-32 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **27-29 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,12

**Хурыскаст** — 04,28
**Хурныгуылд** — 19,40

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 60,59
**Евро** — 62,19

12+

Фестивал

# Музыкæйы бæрæгбон — Ирыстоны

**Зындгонд композитор Арно Бабаджаняны номыл музыкалон фестивал арæзт æрцæудзæн Цæгат Ирыстоны.**

Уый тыххæй Дзæуджыхъæумæ йæ кусæг балцы рæстæг фехъусын кодта хъуыстгонд советон композиторы номыл дунеон фонды президент **Араик Бабаджанян**.

Фонды минæвар куыд радзырдта, афтæмæй Арно Бабаджаняны номыл музыкалон фестивал арæзт цæуы 2017 азæй нырмæ. Музыкæйы уыцы бæрæгбоны фæархайынц Уæрæсе æмæ Сомихы æфсæддон оркестртæ æмæ зарæггæнджытæ. "Фæнд кæнæм, цæмæй иннæ ахæм фестивал арæзт æрцæуа Цæгат Ирыстоны. Кæй зæгъын æй хъæуы, фестивалмæ фæхондзыстæм ирыстойнаг коллективтæ æмæ хицæн зарæггæнджыты дæр", — загъта Араик Бабаджанян.

Зæгъын хъæуы, Арно Бабаджаняны номыл дунеон фонд 1991 азы арæзт кæй æрцыд, уый дæр. Йæ сараздҗытæ уыдысты композиторы хæлæрттæ Артур Чилингаров æмæ Гергиты Валери. Уыимæ, Дзæуджыхъæуы кусы фонды дæлхайад (разамынд ын дæтты Ашот Арутюнян).



Арно Бабаджаняны номыл фонды президент фестивал саразыны хъуыды фæхæццæ кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг **Сергей Меняйломæ**. Республикæйы разамонæг уыцы хъæппæрис хорзыл банымадта. Йæ ныхасмæ гæсгæ, республикæйы разамынд æппæтвæрсыг æххуыс бакæндзæн фестивал саразыны хъуыддаджы.

**Нæ уацхæссæг**

# Донивылдтытæй ӕдасдзинад, æрыгон бинонтæн цæрæнуæттæ æмæ æндæр ахсджиаг фарстатæ

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Уый фæстæ æмбырды раныхас кодта Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**. Уый бæстон æрлæууыд, Бетъырбухы дунеон экономикон форумы инвестицион компанитæ æмæ æндæр структурæтимæ РЦИ-Алани цы бадзырдтæ бафыста, уыдон æххæст кæныны нысанимæ цы уынаффæтæ хаст цæуы, ууыл.

Зындгонд куыд у, афтæмæй, амынд форумы архайгæйæ, Цæгат Ирыстоны делегацийы уæнгтæ æмгуыстады бадзырдтæ бафыстой Уæрæсейы Промышленниктæ æмæ амалхъомты цæдисы, УФ-йы Инновацион кластертæ æмæ технопаркты ассоциацийы, акционерон æхсæнад "Æфснайæн банк" æмæ æндæр компаниты минæвæрттимæ. Уыцы æмгуыстады пълантæн аргъ кæнгæйæ, Дзанайыфырт куыд бафиппайдта, афтæмæй цыппар бадзырды царды рауадзыны фæдыл архайды фæтк ныридæгæн фидаргонд æрцыд, дыууæ бадзырды æххæст кæнынил хæстæгдæр рæстæг бæстондæр ныхас рауайдзæн.

Ахæм архайд хорзыл банымайгæйæ, Сергей Меняйло профилон ведомстæвты разамонджытæн бахæс кодта, цæмæй фарстамæ уа фыццаградон цæстдард.

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг фæндон бахаста, цæмæй кæронмæ æххæстгонд æрцæуой нысанмæ арæзт республикон программæ "Æрыгон бинонтæн — аслам цæрæнуæттæ"-йы мадзæлттæ. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ 2003-2007 азтæн цы программæ арæзт æрцыд, уымæн йæ архайджытæй 62 бинонтæ абоны онг фатертæ нæма райстой.

— Хъыгагæн, фæстаг дæсгай азты дæргъы хицауад адæмæй бирæ цæмæйдæрты баззад хæсджынæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, иу цæфæй æппæт фарстатæ нæ алыг кæндзыстæм. Фæлæ, зæгъæм, æрыгон бинонтæн цæрæнуæттæ дæттыны программæйы фæдыл бæлвырд уынаффæ рахæссын хъæуы: кæнæ йæ кæронмæ ахæццæ кæнæм, кæнæ та ног саразæм. Уый фæрцы программæйы архайæг бинонты иу хайæн кæронмæ саразæн уыдзæн сæ цæрæнуттæ, иннæтæн та бафидæн уыдзæн компенсацитæ. Ацы фарстайы фæдыл уынаффæйы проектмæ Хицауад хъуамæ æркæса июлы кæронмæ, — бацамыдта Сергей Меняйло.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Энергетикæ

# Æппæт фиддонтæ — афойнадыл

**Ацы азы майы Цæгат Ирыстоны адæм фæлхасгонд электрон тыхы тыххæй фиддонтæ фидынæй сæ хæслæвæрдтæ баххæст кодтой 104,3 процентæй (ивгъуыд рæстæджы фыст хæстæ нымайгæйæ).**

Ацы азы майы, фароны уыцы рæстæгимæ абаргæйæ, фæлхасгæнджытæ физикон иуæгтæ — хардзгонд электрон тыхы тыххæй фиддонтæ бафыстой 18,7 проценты фылдæр (30 милуан сомæй фылдæр). Республикæйы æппæт районтæ фиддонтæ афонил кæй фидынц, уый сæрмагондæй бафиппайын æмбæлы. Ивгъуыд мæй абоненттæ хардзгонд электрон тыхы аргъ афоныл бафыстой, канд уый нæ, фæлæ ма раздæр рауайæг хæс 5,5 милуан сомы бæрц цæмæй фæкъаддæр уа, электрон тыхæй ифтонггæнæг кусæндоны специалисттæ ууыл дæр бацархайдтой.

— Республикæйы адæммæ сæвзæрæг дебиторон хæсы бæрц цæмæй иуцасдæр фæкъаддæр уа, энергокомпани иудадзыг ууыл архайы, хъыгагæн, электрон тыхæй ифтонгадæн гæрæнтæ æвæрыны, стæй тæрхондоны фæрцы хæстæ æнæбары бадомыны хъуыддæгтæ раздæрау нымад сты бадзырды амынд хи хæстæ халæг фæлхасгæнджыты 'рдæм арæзт æппæтæй ахадгæдæр мадзæлттыл. Ныридæгæн куыстуатæн бафæдзæхстой физикон иуæгтæй фиддонтæ исыны къæпхæн афæдзы бæрæггæнæнтæм гæсгæ сæдæ процентмæ схæццæ кæнын, — загъта компани "Цæгкавказэнерго"-йы директоры хæдивæг **Артур Хурсинов.**

**Компани "Россети Цæгат Кавказ"-ы пресс-службæ**

Барад

# Фæсарæйнаг граждæнтæн — æнæзакъонæй кусыны бар нæй

**Æрæфы районы прокуратурæ зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта, бынæттон 57-аздзыд цæрæджы ныхмæ цы уголовон хъуыддаг арæзт æрцыд, уый фæдыл.**

Нæлгоймаджы азымджын кæнынц УФ-йы Уголовон кодексы 322.1-æм статьяйы 1-æм хайы ("Фæсарæйнаг граждæнтæн æнæзакъон кусæн æмæ цæрæн бынæттæ радтын") быyндурыл.

Слестгæнджытæ куыд раиртæстой, афтæмæй гуырысхойаг, йæхи пайдайыл мæт кæнгæйæ, йæ фермерон хæдзарады æнæзакъонæй æрцæрын кодта фæсарæнтæй æрбацæуæг 3 адæймаджы. Уыимæ, фæсарæйнаг граждæнтæ, закъон куыд домы, афтæ се 'рбацыды хабар миграцион службæмæ нæ фехъусын кодтой, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, кусæджы патенттæ дæр нæ райстой.

Ныр уголовон хъуыддагмæ æркæсдзæн Æрæфы районы тæрхондон.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Нæ къæлиндар

# Ногазон каникулты фæтк

**2023 азы райдайæны ногазон каникултæ ахæсдзысты 9 боны — 2022 азы 31 декабрæй 2023 азы 8 январы онг. Уый фæдыл сæрмагонд хицауадон уынаффæйы проект бацæттæ кодта Уæрæсейы Фæллой æмæ социалон хъахъхъæнынады министрады пресс-службæ.**

Министрады цы проект бацæттæ кодтой, уым бæрæггонд цæуы ногазон каникулты фæтк 31 декабрæй 8 январы онг. Уыимæ, 2022 азы 31 декабр сабатмæ кæй хауы, уымæ гæсгæ уыцы бон дæр нымад уыдзæн фæлладуадзæныл.

Фидæн азы фæллойадон къæлиндары уыдзæн æндæр дæргъвæтин фæлладуадзæн бонтæ дæр. Афтæ, Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бонимæ бастæй уæрæсейæгтæ сæ фæллад уадздзысты цыппар боны дæргъы — 23 февралæй 26 февралмæ. Сылгоймæгты бæрæгбонимæ бастæй уыдзæн æрмæстдæр иу фæлладуадзæн бон — æртыццæг, 8 мартъийы.




Уалдзæг æмæ фæллойы, стæй Уæлахизы бæрæгбæттимæ бастæй дæргъвæтин фæлладуадзæн бонтæ уыдзысты 29 апрелæй 1 маймæ, стæй 6 майæ 9 маймæ. Уæрæсейы боны кадæн не 'мбæстæгтæ сæ фæллад уадздзысты 10-12 июны. Æртæ фæлладуадзæн боны уыдзæн Адæмты иудзинады бæрæгбоны рæстæг дæр — 4 ноябрæй 6 ноябрмæ.

**("РИА Новости")**

Цыбырæй

# "Аэрофлот" балхæндзæн уæрæсейаг хæдтæхджытæ

**Авиакомпани "Аэрофлот" фæнд кæны хæстæгдæр азты 300 уæрæсейаг хæдтæхæджы балхæнын. Уый тыххæй фехъусын кодта информацион портал "Ведомости".**




Журналистты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, авиакомпани уыцы техникæ балхæныны тыххæй сæрмагонд бадзырд бафысдзæн Авиацион арæзтады иугонд корпорациимæ. Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй уыцы заказы фылдæр хай суыдзысты хæдтæхджытæ "Sukhoi Superjet 100" æмæ "МС-21", йæ къаддæр хай та — "Ту-204".

Эксперттæ куыд зæгъынц, афтæмæй "Sukhoi Superjet 100"-йы аргъ рæстæмбис нымадæй уыдзæн 34-35 милуан долляры бæрц, "МС-21"-йы — 70 милуан долляры бæрц. Уыимæ, авиакомпани хæдтæхджытæ ахæм стыр бæрцытæй балхæнынвæнд куы скæна, уæд ын корпораци, гæнæн ис, æмæ æргътæ зынгæ фæкъаддæр кæна.

Раздæр паддзахадон компани "Ростех"-ы (уый сконды кусы Авиацион арæзтады иугонд корпораци) генералон директор **Сергей Чемезов** дзыллон информацийы фæрæзты минæвæрттæн куыд фехъусын кодта, афтæмæй 2025 азы онг куыстуат рауадздзæн 110 хæдтæхæджы, 2030 азмæ уыцы нымæц 500 хæдтæхæгæй фæфылдæр уыдзæн.

**Нæ уацхæссæг**

Сæрмагонд уавæрты

# Коронавирусы ног штамм кæд фæзындзæн?

**Коронавирусы ног штамм фæзындзæн ацы сæрды Китай кæнæ иннæ хурныгуылæйнаг бæстæтæй искæцыйы. Ахæм хъуыдымæ раныхас кодта дохтыр-биофизик Нелли СОСЕДОВА.**

Радио "Спутник"-æн йæ интервьюйы дохтыр радзырдта, уæззау низæфтауæджы ног штаммтæ кæд фæзындзысты æмæ Уæрæсейæн цавæр фæстиуджытæй тæссаг уыдзæн, уыдæтты тыххæй.



Фæстаг рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй коронавирусы низæфтауæг Китайы ногæй парахатдæр кæны. Уыцы æууæл, дохтыры хъуыдымæ гæсгæ, йæ фæдыл расайдзæн вирусы ивддзинæдтæ — æмæ афтæмæй фæзындзысты низæфтауæджы ног штаммтæ. "Специалисттæ разы сты, коронавирусы ног хуыз Китай кæнæ йæ алыварс хурныгуылæйнаг бæстæтæй иуы кæй фæзындзæн, уыимæ. Уымæн æмæ, дунейы уыцы регионы низæфтауæг ногæй карздæрæй зилдух кæны", — бафиппайдта Нелли Соседова.

Уый куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй коронавирусы низæфтауæг дунейыл йæ "балц" райдайы ныгуылæйнаг бæстæтæй. Æмæ уырдыгæй анхъæвзы Хурныгуылæнмæ дæр. Уыцы æмæ иннæ æууæлтæ хынцгæйæ, эксперты хъуыдымæ гæсгæ, коронавирусы ног штамм Уæрæсемæ фæхæццæ уыдзæн фæззæджы. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, комкоммæ фæзындзæн рынчынты нымæцыл.

"Низæфтауæджы ног штамм нæ бæстæмæ æрбахæццæ уыдзæн сентябры-октябры. Уыцы рæстæг сæ хъомысы бацæуынц иннæ респираторон хæцгæ низтæ дæр. Уæд тæссаг уыдзæн, рынчынты нымæцыл та ногæй зынгæ æфтын куы райдайа, уымæй", — загъта Нелли Соседова.

Уыимæ, коронавирусы ныртæккæйы штаммтæй уæрæсейæгты хъахъхъæны дзыллон вакцинаци. "Амæй размæ азты штаммтæ адæймагæн тынг тæссаг нал сты, уымæн æмæ сæ ныхмæ фæзынд ахадгæ вакцинæтæ. Уыимæ, дзыллон иммунитеты къæпхæн дæр бæрзонд бæрæггæнæнмæ схызт. Ома, коронавирусы "зæронд" штаммтæй хъахъхъæд стæм вакцинæйы фæрцы. Фæлæ нæ фæззæджы цавæр ног штаммимæ тох кæнын бахъæудзæн, уый нырма бæлвырд нæ зонæм", — кæронбæттæны загъта Нелли Соседова.

**("РИА Новости")**

Не 'мдугонтæ

# Хъæбатыртæн мæлæт нæй

**Афганистан... Советон Цæдисы æфсæдтæ Афганистанæй куы рацыдысты, уæдæй нырмæ 33 азы рацыд. Уый уыд 15 февралы 1989 азы. Фæлæ ма абон дæр йæ койæ адæймаджы зæрдæ нырризы, ныр дæр нæма байгас сты йæ хъæдгæмттæ. Уыцы зындонæй сæрæгасæй чи раирвæзт, уыдонæй бирæтæ уыдысты уæззау цæфтæ... Кæд уал азы рацыд, уæддæр ныр дæр ма хуыссæгæй æнæхай фæвæййынц, сæ фынты дæр цыма уыцы карз хæсты архайынц. Æдзух сæ хæстон æмбæлттæ сæ цæстытыл уайынц...**

Мæхъиты Славик райгуырд Цæгат Ирыстоны Сунжæйы хъæуы 1962 азы. Астæуккаг скъола каст куы фæцис, уæд æм 1981 азы фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм. Æфсæддон ард бахæрды фæстæ йæ арвыстой афгайнаг арæнтæм хæстæг, Туркестаны горæт Термезмæ. Йемæ иумæ службæ кодтой йе 'мхъæуккаг Наниты Тамерлан æмæ черменыхъæуккаг Боциты Эльбрус (хъыгагæн фæмард 1982 азы). Æртæйæ дæр десантон-ныббырсæг бригады рæнхъыты æрвыст æрцыдысты провинци Кундузмæ.

Ам, Таджикистаны арæнтæм хæстæг, цæттæ кодтой, хæстмæ кæй æрвыстой, уыдоны. Сæ сæйрагдæр хæс уыд, бынæттон цæрджытæн баххуыс кæнын. Арæх-иу душмантæ хъæутæм æрбабырстой, арт æфтыдтой скъолатыл, мæзджыттыл, хæдзæрттыл, сабыр цæрджыты ардыдтой советон æфсæдты ныхмæ. Мæгуыр афгайнаг адæм стыр ныфсимæ æнхъæлмæ кастысты не 'фсæдтæм. Зыдтой, хæринаг хъуаг сæ кæй нæ ныууадздзысты, кæй сæ бахъахъхъæндзысты, уый.

Десантты ротæйæн хæсгонд уыд, мæгуыр цæрджытæн хæринаг æмæ хостæ чи ласта, уыцы колоннæтæ хъахъхъæнын. Кæмтты, хæххон фæндæгтыл-иу сæ размæ бабадтысты душмантæ, æмæ-иу уырдыгæй нæмыгуарæн кодтой колоннæтыл. Фæлæ, не 'фсæддонтæ сæ десантон хæстон машинæтыл тыхджын ныхкъуырд лæвæрдтой знагæн.

Фыццаг хæстон операцитæ хорз куы ахицæн кодтой, уæд десантон бригадæн бахæс кодтой провинци Гордезмæ бацæуын, æмæ Пакистаны арæнтæм хæстæг æрбынат кæнын.



Уырдыгæй Афганистанмæ цыдысты душманты бандæтæ, семæ ластой бирæ хæцæнгарз.

Иу рæстæг ротæ хъахъхъæдта, Ташкентæй Кабулмæ хæринаг æмæ хæцæнгарз чи ласта, уыцы колоннæ. Изæрырдæм сын душмантæ сæ фæндаг æрæхгæдтой æмæ колоннæ æхсын райдыдтой. Славик уыд экипажы хъавæг. Йе 'мбæлттимæ, автоматы къæр-къæр кæцæй цыд, уыцы къуыбырмæ комкоммæ æхст фæкодта. Карз хæст сыл бацайдагъ. Душмантæ куы бамбæрстой, сæ фæндæй ницы рауайдзæн, уæд лидзынмæ фесты. Колоннæ бахъахъхъæныны хъуыддаджы æхсар æмæ лæгдзинад кæй равдыста, уый тыххæй Славик хорзæхджын æрцыд Сырх Стъалыйы орденæй. Афтæмæй дард Ирыстоны йæ ныййарджытæ зонгæ дæр нæ кодтой, сæ фырт Афганистаны зæххыл йæ интернационалон хæс кæй æххæст кæны, уый. Цыбыр фыстæджыты-иу йæ мадмæ афыста, Афганистаны арæныл кæй службæ кæны, дзæбæх кæй у.

Иуахæмы та, хæстон операцийæ фæстæмæ сæ хайадмæ куы здæхтысты, уæд минæтыл сæмбæлдысты. Арæхстгай, хъавгæ сæ иувæрсты цыдысты, фæлæ...

Славик цы десантон машинæйы бадти, уый уыд колоннæйы фæстаг. Иннæ машинæтæ минæты иувæрсты дзæбæхæй æрбаирвæзтысты, фæлæ Славичы экипаж минæйыл бацыд. Фæцыд срæмыгъд. Механик уайтагъд фæмард, иннæты уæззау цæфтæй Кабулы æфсæддон госпитæлмæ аскъæфтой. Уым сын фыццаг медицинон æххуыс бакодтой. Æппæтæй уæззаудæр цæф уыд Славик, госпитæлы йын йæ дыууæ къахы дæр алыг кодтой.

Йе 'рдхорд Наниты Тамерлан хабар куы базыдта, уæд ма бæргæ архайдта йе 'мбалы феныныл, ныфсытæ йын авæрыныл, фæлæ сын уый Афганистаны зæххыл нал бантыст, Славичы Ташкентмæ раластой, Тамерлан та дарддæр службæ кодта.

Бонтæ ныддаргъ сты Славикыл. Ссæдзаздзыд лæппу йæ ныфс нал хаста йæ ныййарджытæм ныффыссын дæр. Алыхуызон хъуыдытæ йæ сæры зилдух кодтой. Æппынфæстаг нал ныффæрæзта æмæ йæ мадмæ тел радта, цæмæй йæм Ташкентмæ æрцæуа.

Мады зæрдæ зонаг фæхонынц. Бамбæрста Зинæ, йæ хъæбулыл цыдæр бæллæх кæй æрцыд, æмæ атахт Ташкентмæ.

Хæстон госпитæл... Кæрты бандæттыл бадтысты хæрз æрыгон лæпутæ, кæмæн йæ сæр, кæмæн йæ къух баст, афтæмæй.

Зын зæгъæн у, мады зæрдæ цытæ бавзæрста, йæ хъæбулы уыцы уавæры куы федта, уæд. Йæ иунæг фырт, йæ удæй фылдæр кæй уарзы, уый цæргæбонтæм æнæкъæхтæй баззад.

Бирæ фæрахау-бахау кодта рынчындæтты Славик. Протезтыл куы слæууыд, уæд куысты дæр ныллæууыд.

Славик æфсады размæ базонгæ олгинскæйаг Плиты Майрæмы чызг Надеждæимæ. Дыууæ æрыгон зæрдæты 'хсæн уарзондзинады зæд атахт. Æфсадæй куы ссыд, уæд хъуыды кодта, афтæмæй ма кæй хъæуын, зæгъгæ. Фæлæ сæ уарзондзинад зындзинæдтæй нæ фæтарст, уый разынд тыхджындæр, æмæ 1984 азы сæ амонд баиу кодтой. Рантыст сын фырыхъулы хуызæн лæппу Сослан æмæ хуры тыны хуызæн чызг Фатимæ.

Славик æмæ Надеждæ кад æмæ радимæ фæцардысты хъæубæсты 'хсæн. Сæ цæхх æмæ кæрдзын адæмимæ дих кодтой. Сæ цот дæр адæмы æмрæнхъ рацыдысты. Ис сæм æгъдау æмæ æфсарм. Фæлæ цард цард у... Адзалы ныхмæ никæй бон ницы у. 2016 азы йæ цардæй ахицæн Надеждæ. Йæ цардæмбалы фæстæ зæрдæрыстæй баззад Славик. Йæ цард снывонд кодта йæ кæстæртæн. Афтæ зæгъæн ис, æмæ хъысмæты æппæт фæлварæнты дæр йæхи лæгау-лæгæй равдыста. Фæлæ йыл Афганистаны хæстæй цы уæззау цæфтæ ауад, уыдон æй фæцудын кодтой æмæ афтæмæй æрæджы йæ цардæй ахицæн. Фæлæ ахæм хъæбатыртæн мæлæт нæй. Славичы рухс ном æнусмæ цæрдзæн хиуæтты, йæ бирæ æмбæлтты, хъæубæсты, чи йæ зыдта, уыдоны зæрдæты.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Бынæттон хиуынаффæйад

# Хъармдæттæн хæтæлтæ ивынц

**Дзæуджыхъæуы дарддæр цæуынц горæты цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады системæ фæззæджы-зымæджы уавæрты æнæкъуыхцы куыстмæ бацæттæ кæныны архайд.**

Зæгъæм, ацы бонты горæты коммуналон службæйы минæвæрттæ Владикавказаг æмæ Къесаты Астаны номыл уынгты тигъыл ивынц хъармдæттæн хæтæлтæ.

Дзæуджыхъæуы хъармдæттæн хызæджы куыстуаты минæвары ныхасмæ гæсгæ, ацы магистралон хæтæл



хъарм æмæ тæвд донæй æфсады 60 мин дзæуджыхъæуккаджы фатертæ. Уыимæ, цалцæджы фарста карзæй лæууыд, уымæн æмæ фæстаг 30 азы дæргъы хæтæлмæ æвнæлд нæ уыд. "Фæстаг рæстæг-иу магистралон хæтæл куы иу, куы иннæ ран фегом æмæ таиу æй æвæстиатæй æмпъузын бахъуыд. Ныр ахæм фæзындтытæй ӕдас уыдзыстæм", — радзырдта Дзæуджыхъæуы хъармдæттæн хызæджы куыстуаты сæйраг инженер **Хамыхъоты Рустам.**

Хæтæл йæ бынаты æвæрд куы æрцæуа æмæ йæ хъармдæттæнтæм куы баиу кæной, уæд цалцæггæнджытæ ногæй сфæлгонц кæндзысты алфамбылай фæзуæттæ.

Уый тыххæй фехъусын кодта Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**



# МАЛУСÆГ

ДАУЫРÆ

## Хъæбатыр Мила

Аскъæфта хъæрццыгъа дзибаты мады,
Сидзæр цъиуты раз ныр къæбыла бады.
Ниуы сæ цъипп-цъипмæ, калы цæссыг,
Куыдзæн дæр хъуыддаг куыд нæ у, куыд хъыг?!

Азгъордта кæртæй рæйгæйæ æваст.
Куыйтæ йæ фæдыл! У арвмæ сæ каст!
Бафæллад хъæрццыгъа карчы уæзæй, —
Искуы йын фæзы æнæ 'рбадгæ нæй!



О, фæлæ куыйты бæрзондæй уыны,
Мадæл каркмæ дæр сæ Мила зыны.
Дзибатыл мæтæй хъуыдаттæй хъæрзы,
Хъæрццыгъа куыйтæн сæ рæйдæй тæрсы.

Тугдзых маргъ абадтис бæласы сæр,
Дзæмбытæй феуæгъди холы куыддæр,
Куыйты 'рдонг цъиутæм сæ мады хæссы,
Хъæрццыгъа дардæй мæстыйæ кæсы.

БАЛАТЫ Альберт

## Баба

Баба — зæронд, фæлæ, йæхистæн,
Нæртонау фидар у уæрагæй.
Нæ хъæуы зæрæдтæн — сæ хистæр,
Фæцæуы быдырмæ сæ разæй.



Куысты кæддæриддæр — фæзминаг,
Æнæфыст кадæг йе стыр цард у.
Йæ дин, йæ Хуыцау у рæстдзинад,
Бабайы кад нæ Иры кад у!

Баба фæллойады хъæйтар у,
Йæ риуы хурæмдых цæхæр ис.
Баба йæ амондæн æлдар у,
Нырма сæдæ азы цæрдзæнис!

ХЪАУЫРАТЫ Дауыр

## Уæларвон нывтæ

*Планетары цары тары*
*Федтон диссæгтæ, уæллæй!*
*Арв у иууылдæр ыстъалы, —*
*Къахæрæвæрæн дзы нæй!...*



*Мойаг "Авд хойы" æвзарынц, —*
*Нæй сын уарзæттæ — къæйттæ...*
*Зæхмæ арвы айдæн дарынц:*
*Сусу-бусутæ... кæйттæ...*

*— У-у, дæлæмæ 'рхауай, чи дæ? —*
*Арвмæ хъæр кæны фæдис, —*
*Мæйæ акъæмс кодта чидæр —*
*Аззади ма дзы къæрис.*

ДЖИОТЫ Катя

## Ахуыры бонтæ

Нæ сæрмæ цъæх арвыл
Иу мигъы къæм нæй,
Уалдзыгон бон зæхх дæр
Нал кæны фынæй.

Не скъола — нæ куырдадз,
Мысдзыстæм мах дæу.
Дардзыстæм нæ зæрдыл
Хъазæн фæз — цъæх нæуу.

Не скъолайы кæрты
Фембырд ыстæм мах,
Хæдзармæ нæ уынгæй
Нал хæссы нæ къах.

Зæрдæтæ сты хъæлдзæг
Цины уалдзæджы.
Чи нæ ныр кæм уыдзæн,
Ацы фæззæджы?

Не скъолайы азтæн
Мах зæгъæм хæрзбон.
Не скъолайы бонтæн
Рохгæнæн нæй, зон.

Райгуырæн, дæ къуымы
Кæм бахъæуа сæр,
Уым дæ сæрфæлтау, зон æй,
Ратдзыстæм нæ сæр.

ТОХСЫРТЫ Къоста

## Сæрдыгон райсом

Хур ыскасти,
Кæс гыццылтæ.
Хъазты чызгау,
Сырх йæ былтæ.



Фехъал вæййынц
Талынг рæгътæ.
Рабадтысты
Алы мæргътæ.

Æмæ комы
Къултæ-къулыл

Иумæ зарынц
Хурты-хурыл.

Хосдзау уисæй —
Уисмæ хизы.
Саппы кæрдæг
Уымæй ризы.

Худгæ райсом
Хуры худтæй.
Федтон абон
Дæу рæсугъдæй.

## Саби зæгъы

*Нанатæ 'мæ*
*Дадатæ,*
*Радтут мын-иу*
*Гагатæ.*

*Кæндзынæн уын*
*Æз лæггад,*
*Бæрзонд хæсдзынæн*
*Уын уæ кад.*

*Ахуыр кæндзынæн*
*Уын хорз.*
*Алхатт хæсдзынæн*
*Уын фондз.*

*Мæ ныхмæ нæ*
*Лæудзæн æзнаг,*
*Сыскъуындзынæн ын*
*Йæ таг.*

*Сыстыр уыдзынæн*
*Æз тагъд.*
*Æвзæр нæ уыдзæн*
*Мæ церд.*



*Уыдзæн нæ*
*Фæндиаг знаг*
*Махæн та —*
*Бæллиццаг нæ цард.*

## Мæ уарзон хъæу

Нæ хæстæджытæ
Цæрынц Црауы.
Куыд адджын мын у,
Кæм ис? Цы раны?

Æхсæрджын бæсты,
Хъæды дæлфæдтæм,
Кæм зынынц алкæм
Мæ чысыл фæдтæ.

Фæцæуын ардæм
Æдзух Хъырупсæй.
Нанайы цæсгом
Æз фенын рухсæй.

Йæ тæнцъар гуылтæ
Вæййынц куыд дзадджын!
Сæ морæ тута
Мыды къæртт, адджын.

Лæппу-æмбæлттæ
Ыскодтон ам дæр.
Куыд нæ уа зæрдæ
Уæрыккæй хъалдæр.

Црауы доны
Кæсæгтæ ф' ахсын.
Æз ацы хъæуы
Куыд бирæ уарзын.

## Рæдыд

Ныв

...Уары. Горæты уынгтæ цæугæдæттæ фестадысты. Автобус дæр сындæггай цæуы. Уæгъд бынæттæ дзы нал ис, фæлæ йæ исчи куы фæуромы, уæд та йæм æрлæууы. Æвæццæгæн, тæригъæд фæкæны, уарынмæ чи лæууы, уыдонæн.

Иу æрлæууæн бынаты машинæмæ бахызт ацæргæ сылгоймаг. Йæ цæст ахаста бадæн бынæттыл. Цæстæнгас баурæдта иу лæппуйыл. Уый дæр æй фæхъуыды кодта, æваст йæ пъартфелæй чиныг фелвæста æмæ кæсын райдыдта. Йæ рахизыны афон куы 'рхæццæ, уæд йæхи дуарæрдæм байста. Дуар куы байгом, уæд уыцы-иу гæпп ракодта æмæ дугъгæнгæ скъолайы фæмидæг.

Ныццагъта дзæнгæрæг. Уроктæ райдыдтой. Ахуыргæнæг фæйнæгмæ фæдзырдта Муратмæ.

— Мæ урок нæ сахуыр кодтон, — къæмдзæстыгхуызæй загъта уый.

— Ау, куыд нæ сахуыр кодтай, æнæхъæн фæндаг дæ сæр чиныгæй куы нæ систай, уæд? — бафарста йæ ахуыргæнæг.

Мурат фембæрста, ахуыргæнæг дæр, уый цы автобусы бадт, уым кæй цыд.

Фæсырх ис, йæ цæстытæ доны разылдысты.

— Хорз, дæ рæдыд кæй æмбарыс, уый хорз у,— загъта ахуыргæнæг, — уырны мæ, афтæ кæй никуыуал бакæндзынæ.

— Никуыуал, — сабыргай сдзырдта Мурат.

ДЖИДЖОЙТЫ Олеся

## Тути цъиу дæр ма зæрдæ зоны

Æцæг хабар

Æрдз цынæ сфæлдыста зæххыл, ахæм нæй. Иу изæр мæ хæлармæ бацыдтæн. Къалатийы йæм уыд тути цъиу. Уый йæ лыстæг къæхтæй телыл ныддæвдæг æмæ йæ цыргъ бырынкъæй йæхи лæгъзытæ кæны, цыдæртæ дзуры, афтæмæй. Æз фæцымыдис дæн, зæгъын, цы кæны, кæд исты хилæг йæ буары фæзынд, æмæ хæдзары æфсины афарстон:

— Ацы маргъ цæмæйдæр тыхсы цыма, афтæ мæм кæсы?

— Нæ. Гыццыл раздæр æй йæ хицау ныннадта, æмæ хъуыр-хъуыр кæны, нæ уарзы хи найын.

Кæсын, æмæ къалатийы дуар гом.

— Нæ ратæхдзæн гом дуарæй? — афарстон та йæ.

— Зоныс, ахæм хуымæтæг тути цъиу нæу, уынг нæ уарзы, ратæхы æмæ та фæстæмæ йæ бынат ссары.

Уалынмæ фæзындысты маргъы хицæуттæ, тути цъиу тынг ахуыр кæуыл у, уыдон дыууæйæ — лæг æмæ ус — Саид æмæ Верæ. Куыддæр сын тути цъиу сæ хъæлæс фехъуыста, афтæ базмæлыд, скатай, цалдæр хатты æрзылд йæ мидбынаты æмæ цыдæртæ хъуыр-хъуыр кæнын райдыдта. Диссæгтæ, зæгъын, нырмæ афтæ хъæрæй куы нæ дзырдта, уæд ыл ныр цы 'рцыд, базыртæ йыл куы базад?!

Лæг æмæ ус ын салам радтой: "Миша, привет!". Уый дæр сын дзуапп радта: "Привет! Привет!" Стæй та уæд йемæ дзурынтæ райдыдтой. Уый сæм, æвæццæгæн, фырцинæй, рапæррæст кодта æмæ уыцы-иу тахт бакодта усмæ, стæй та — лæгмæ, абатæ сын кодта. Куы сæ иуы сæрыл абады, куы — иннæйы сæрыл, кæннод — се уæхсчытыл, куы та — сæ къухтыл. Цыдæр исдуг сылгоймаджы, æвæццæгæн, æгæр йæ бырынкъæй алхыскъ кодта, фæрысти йын, æмæ йын сылгоймаг дæр хъæрæй бауайдзæф кодта:

— Миша, ты дуррак, что ли?!

Тути ахæм цины равгæй тызмæг хъæлæсы уаг нæ бабыхста æмæ йæ бынатмæ батахт, сбадт, йæ къæдзил æмæ йæ базыртæ æрбатыхта æмæ йæхи нырраст кодта, ныхъхъус, ома, фæтæргай дæн, æмæ æрхæндæгæй лыстæг телыл йæ къæхты лыстæг æнгуылдзтæй ныддæвдæг æмæ цыдæртæ дзурын райдыдта:



"Вера — собака...". "Саид — дуррак". "Саид — хъуаг"... Байдзаг кодта хъуыр-хъуырæй бæстæ. Йæхи куыд дардта, уымæ гæсгæ, цъиу сæ дыууæмæ дæр тынг фæхъыг. Стæм хатт-иу базмæлыд, йæхи сæм фæстæмæ сыздæхта, афтæмæй... Сылгоймаг маргъæн фæтæригъæд кодта, æвваxс æм бацыд, лæгъстæгæнгæ æмæ йæм буцæй дзуры:

— Миша — хороший! Миша — умный! Миша — мой мальчик!... — æмæ та сылгоймаг мидбыл бахуды, куы та йæ худт æгæр фæхъæр вæййы.

Тути цъиу дæр та йæ сфæзмы, йæ ныхæстæ йын фæзæгъы æмæ сылгоймагау бахуды.

— Диссаджы маргъ!..— хъуыды кодтон мæхинымæр.

Тути дзырдта, куыд хицæн дзырдтæ, афтæ æнæхъæн хъуыдыйæдтæ дæр. Тынг цымыдисаг мæм фæкаст æмæ лæмбынæг хъуыстон йæ ныхæстæм. Уыдонимæ: "Миша, быстро на место!", "Саид — мужик!", "Мишка — птичка!", "Ут, ут, ут..., Миша!" Банцай..., говорю!"

Диссаг мæм тынгдæр уый фæкаст, æмæ тути цъиу йæ хицауы хъæлæсæй дзургæ дæр, зæлаив æхситт дæр, зарын дæр куыд арæхст. Æмæ, дам, ахуырæй нæу... Фæлæ мæм, хорз адæм, уæлдай диссаг та фæкаст, тути цъиу дæр зæрдæ кæй зоны, стæй йæхи зæрдæйы ахастæй йæхи бабуц кæнын дæр кæй уарзы!

БЫЗЫККАТЫ Земфирæ

Хуссар Ирыстонæй

## Майдантæ — хуыздæр рауагъдонтæн

**Ацы аз Хуссар Ирыстоны иумæйагахуырадон скъолаты рауагъдонтæй иттæг хорз бæрæггæнæнты тыххæй майдантæй схорзæхджын кодтой 10 лæппу æмæ чызджы.**

Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта республикæйы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæйы минæвар **Плиты Янæ**.

Министрады кусæджы ныхасмæ гæсгæ, 5 майданы хицæуттæ систы гимназ "Альбион"-ы рауагъдонтæ, 2 майданы саккаг кодтой Цхинвалы 2-æм скъолайы хъомылгæнинæгтæн, фæйнæ 1 майданы та — Аивæдты лицейы, гимназ "Рухс" æмæ Цхинвалы 10-æм скъолайы рауагъдонтæн.

Плиты Янæ æхсызгонæй куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй, иттæг хорз ахуыры тыххæй майдантæ кæмæн саккаг кодтой, уыцы фæсивæд ныридæгæн систы уæлдæр ахуыргæнæндæтты студенттæ.

*(Информацион агентад "Спутник")*

Ахудынæн

## Ахæр, мæ кæрц, ахæр...

Нарты хъалтæ стыр куывды бадтысты æмæ минас кодтой. Сырдон йæ къæрид кæрцы мидæг иуварс лæууыди æмæ касти Нарты куывдмæ. Нарт æй уыдтой, фæлæ йæ нæ бахуыдтой сæ фынгмæ. Уæд Сырдон ацыди, тинтычъи кæрц скодта æмæ та йæ бынаты слæууыди.

Нарты хъалтæ иттæг уæзданæй йæ разы алæууыдысты, бахуыдтой



æмæ йæ сбадын кодтой кадджын бынаты. Сырдон йæ кæрц раласта, йæ фарсмæ йæ æрæвæрдта æмæ йын фынгыл хорз хæйттæ æркарста йæ разы.

— Ахæр, мæ кæрц, ахæр! — дзуры йæм. — Нарт мæн нæ, дæу æрбахуыдтой сæ куывдмæ.

## Сырдоны хæрæг

Сырдонмæ йæ сыхæгтæй иу лæг хæрæггур бацыдис.

— Дæ хæрæг мын авæр, Сырдон, кæд дзы дæхæдæг ницы кусыс, уæд.

— Уæу, фæлтау мæ мард куы федтаис æмæ мæм чысыл раздæр куы æрбацыдаис. Дæ хæдразмæ йыл нæ лæппу хъæдмæ суг ласынмæ ацыд.

Уыцы сахат хæрæг скъæтæй ныууасыдис.

— Худинаг дын нæу, Сырдон,— зæгъы сыхаг, — дæ хæрæг скъæты уæвгæйæ, æфсон кæй кæныс, уый?

— Æмæ йæ цæмæй зоныс, скъæты ис, уый?

— Уæртæ йын йæ уасын нæ хъусын?

— Нæ, фæлæ худинаг дæуæн у, мæныл чи не 'ууæнды, фæлæ хæрæгыл чи бауæндыдис!

Бацæттæ сæ кодта ЦЪОЙТЫ Хазби

Æхсызгон фембæлд

# Астæуккаг профессион ахуырад: арфæтæ — æнтыстджындæр педагогтæ æмæ студенттæн

**Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрациийы уæрæх æмбырды хыгъд æрцыдысты республикæйы астæуккаг профессион ахуырады уагæвæрды 2021-2022 азы архайды бæрæггæнæнтæ. Уымæй уæлдай, схорзæхджын кодтой профессион дæсныйады æппæтуæрæсеон конкурсы призертæ, стæй хуыздæр студентты.**

Æмбырды архайджыты раз раныхас кодта РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**. Министр йæ раныхасы сæрмагондæй фæбæрæг кодта, астæуккаг профессион ахуырады педагогтæ æмæ мастертæ сæ куыстыл куыд æнувыд сты, уый.



"Азы дæргъы не 'ппæт дæр æвдисæн уыдыстæм, уæ хъомылгæнинæгты зæрдæтæ æмæ удтæм арф зонындзинæдтæ фæхæццæ кæныныл сымах зæрдиагæй куыд архайдтат, уымæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, уæ размæ бирæ ахсджиаг нысантæ лæууы. Уæлдайдæр та, рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй экономикæйы къабæзтæн æнæмæнгхъæугæ сты быныдуронæй цæттæгонд астæуккаг къæпхæны специалисттæ. Æмæ уыдон бацæттæ кæныны хæс коммæ сымахмæ хауы", — бафиппайдта ведомствæйы разамонæг.

Алыбегты Эллæ бæстон радзырдта, астæуккаг профессион ахуырады къабазы куысты ныртæккæ цы зынгæ ивддзинæдтæ цæуы, уыдоны тыххæй. Йæ ныхасмæ гæсгæ, æппæт уыцы ногдзинæдты сæйрагдæр нысан у уагæвæрды материалон-техникон бындур рацаразын æмæ уый фæрцы зынгæ фæбæрзонддæр кæнын ахуырады хæрзхъæддзинад. "Республикæйы колледжтæ æмæ техникумты арæзт цæуынц нырыккон æрмадзтæ æмæ лабораторитæ, ноггонд цæуынц ахуырадон программæтæ дæр. Уыцы ногдзинæдты фæрцы къабазы кусæг специалисттæн сæ фадæттæ хуыздæр кæнынц, ахуырдзау фæсивæд та арфдæр зонындзинæдтæ исынц", — загъта министр.

Алыбегты Эллæ арфæйы сæрмагонд ныхæстæ загъта астæуккаг профессион ахуырады уагæвæрды кусæндæтты ацы азы æнтыстджындæр рауагъдонтæн æмæ сын саккаг кодта профилон ведомствæйы Арфæйы фыстæджытæ. "Астæуккаг профессион ахуырад райсгæйæ, сымах æрлæууыдыстут царды уæрæх фæндагыл, æмæ уын мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй уе 'ппæт нысантæ дæр уæ къухы бафтой", — уыд йæ ныхас министрæн.

Фембæлды архайджытæ кад скодтой профессион дæсныйады æппæтуæрæсеон конкурс "Азы зæрингуырд"-ы регионалон къæпхæны уæлахиздзау æмæ призертæн дæр. Ацы ерысы уæлахиздзау — Цæгат Ирыстоны паддзахадон базарадон-экономикон колледжы социалон дисциплинæты ахуыргæнæг **Цæболты Зæлинæйæн** саккаг кодтой диплом æмæ æхцайы преми 150 мин сомы. Дыккаг бынат æмæ 75 мин сомы преми æрхауд Дзæуджыхъæуы бирæкъабазджын техникумы сæрмагонд дисциплинæты ахуыргæнæг **Дзугкойты Нинæмæ**, æртыккаг бынат æмæ 50 мин сомы преми та — Дзæуджыхъæуы электроникæйы колледжы сæрмагонд дисциплинæты ахуыргæнæг **Хуыбиаты Мæдинæмæ**.

Ныр ерысы регионалон къæпхæны уæлахиздзау архайдзæн конкурсы æппæтуæрæсеон кæронбæттæны (уый уыдзæн сентябры горæт Екатеринбурджы).

Ивгъуыд ахуыры азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Кады гæххæттытæ æмæ сæрмагонд дипломтæ лæвæрд æрцыд 29 хуыздæр педагог æмæ 31 студентæн.

ГÆЛÆУТЫ Наталья

Æрдз — нæ алыварс

# Сусхъæд

Рагæй-æрæгмæ сусхъæд у адæмы уарзон зайæгой. Хъæды арфы топпы фаты хуызæн æмраст фæцæуы, æмæ йæм адæймаджы цæст кæсынæй нæ фефсæды. Сæрдыгон туаггуыр бирæ кæй дætты, уымæ гæсгæ йæ садзынц горæттæ æмæ хъæуты æхсæнадон бынæтты дæр.

Уæвгæ, сусхъæд канд йæ рæсугъддзинады тыххæй уарзон нæу махæн. Фылдæр адæм æй мыдхæссæг бæлас фæхонынц. Июлы фыццаг бонтæй фæстæмæ дидинæг калын куы райдайы, уæд æм мыдыбындзытæ дæр хуымæтæджы нæ фæзынынц. Иннæ зайæгойтæй уæлдай сусхъæд мыдыбындзытæн фылдæр нектар дætты. Ахæм мыды вæййы алыхуызон хъæугæ буаргъæдтæ, æвдадзы хос у адæймагæн.



Ноджы ма сусхъæд у хосгæнæн зайæгой дæр. Нæ бæстæйы дзы ис иуæндæс хуызы. Фæлæ се 'ппæтмæ хосгæнæн миниуджытæ нæй. Медицинæйы пайдагонд цæуы æрмæстдæр дыууæ хуызæй.

Уæлдай фылдæр ахадындзинад ис, йæ сыфтæртæ зæрдæнгæс кæмæн сты, ахæм сусхъæдæн. Уый стыр бæлас кæны, арвмæ фæцæуы 30 метры бæрц, вæййы къабузджын. Зæрдæнгæс сыфтæрты дæргъ у 3-9 сантиметры, сæ кæрæттæ та сты хырхы хуызæн къахыртæ.

Куыд загътам, афтæмæй сусхъæд дидинæг фæкалы июлы. Йæ мыггаг та сцæттæ вæййы августы-сентябры. Сусхъæд арæх æмбæлы Цæгат Ирыстоны хъæдæхгæд къуылдымты. Бирæ дзы ис Хæтæлдоны, Суададжы, Црауы хъæдты, æндæр рæтты дæр. Ныртæккæ йæ тæккæ дидинæг калыныл кæй у, уымæ гæсгæ сусхъæды къохтæм æввахс фенæн вæййы мыды чыргъæдтæ. Мыддартæй алчидæр архайы дзæбæхгæнæн продукттæй фылдæр æрцæттæ кæныныл.

О, фæлæ нæ ныхас тынгдæр сусхъæды хосгæнæн миниуджытыл у. Ахуыргæндтæ куыд раиртæстой, афтæмæй йæ дидинджыты бирæ ис эфиры зети, витамин С, каротин, æндæр æхсызгон хъæугæ буаргъæдтæ.

Рагæй-дæр адæм пайда кæнынц сусхъæды дидинджыты донæй. Хорз æххуыс кæны æнæниздзинадæн, æмæ дзы арæзт цæуы алыхуызон нуазгæ хостæ. Фылдæр хатт ацы хостæй дзæбæх кæнынц хъуырты, комарынджы æмæ æндæр низтæ. Сусхъæды дидинджыты дон æвдадзы хос у буары сыгъдæн, хъæдгæмттæ æмæ нуæрттæ дзæбæх кæнынæн дæр.

Хъуамæ исчи бафæрса, сусхъæды дидинджытæй хос куыд æрцæттæ кæнæн ис, зæгъгæ, æмæ уый тыххæй бирæ диссæгтæ нæ хъæуы. Фыццаджыдæр, дидинджытæ тоныны хуыздæр афон у, сæ фылдæр хай куы райхæла, уæд. Фæстæдæр та сæ тонæн нæй. Уымæн æмæ дидинджытæ, хус кæнгæйæ, ныббур вæййынц, згъæлын райдайынц, æмæ дзы хос нæ рауайы.

Хорз у дидинджытæ дæс боны дæргъы æмбырд кæнын. Уыимæ сæ уымæлæй, ома, къæвда рæстæджы кæнæ æртæхы тонæн нæй. Уымæн æмæ, хусгæнгæйæ, ныббур, гъе та ныссау вæййынц, æмæ, куыд загътам, афтæмæй сæ хосгæнæн буаргъæдтæ фесæфынц.

Хос аразыны тыххæй цы хомаг æрцæттæ кæнай, уый хус кæнынмæ нывæр цары кæнæ сарайы. Æртæ — фондз сантиметры бæзнæн æй атæнæг кæн гæххæттыл кæнæ æндæр истæуыл. Хомаг хус кæнынмæ ныууадзæн ис, дидинджытæ куы ссæртæг уой, уæдмæ.

**Куыд саразын хъæуы хос? Райс æртæ уидыджы дзаг хусгонд дидинджытæй æмæ сæ ныккæн эмал донгарзы, ауадз сыл фыцгæ дон æмæ сæ æхгæдсæрæй фæфыц 15 минуты бæрц. Рæстæгæй-рæстæгмæ йæ хъæуы астауын дæр. Фых æй куы фæуай, уæд дон ныууазал кæн, ныффæрсудз æй. Цы хомаг дзы баззад, уый ныллæмар æмæ йыл ныккæн агуывзæйы дзаг (200 граммы) фыцгæ дон. Хос алы хатт дæр нуазын хъæуы тæвдæй 1-2 агуывзæйы дыууæ — æртæ хатты бон хæрды фæстæ.**

Хосгæнæн миниуджытæй уæлдай сусхъæд хорз у хъæддзаумайæн дæр. Хъæуты цæрджытæ дзы æвæрынц хæдзары, сарайы сæртæ. Уæдæ ма сусхъæдмæ ис æрдзхъахъхъæнæн миниуджытæ дæр. Сырддонцъиутæ, æндæр мæргътæ дæр хорз хæрынц сусхъæды мыггаг, хъызт рæстæг ирвæзынц йæ бæркадæй.

Иу ныхасæй, сусхъæд у пайдахæссæг зайæгой, æмæ йæ хъахъхъæнынмæ хъæды хæдзарады специалистты фылдæр æргом аздахын хъæуы.

БЕСЛЕХЪОТЫ Ирæ, дохтыр

Спортивон фидиуæг



Регби

# Ирон лæппу — Уæрæсейы æртæ хатты чемпион

**Нæ фæсивæд спорты алы хуызтæм дæр кæй арæхсынц,уымæн æвдисæйнæгтæ бирæ ис. Сæ иу — камбилеевкæйаг лæппу БИТИТЫ Азæмæт. Ирон лæппу сси регбийы спорты сгуыхт мастер. Абон Азæмæт хæссы Уæрæсейы æртæ хатты чемпионы ном, у Уæрæсейы иугонд командæйы хъазæг.**



Ацы бонты Азæмæтæн фадат фæци Ирыстоны йæ хионтимæ фембæлынæн. Йæ улæфæн бонтæй иуы йын газет "Слово"-йы Ирыстоны дзыллон хабархæссæг фæрæзты кусджытимæ цы фембæлд уыд, уым радзырдта, йæ спортивон хъысмæт куыд рауад, уый тыххæй:

"Æрыгонæй нæхимæ Камбилеевкæйы, иннæ сывæллæттау, æз дæр хъазыдтæн футболæй, цыдтæн уæгъдибар хъæбысхæстæй тренировкæтæм. Уарзтон ерысты архайын. Иухатт мæ ме 'мбæлттæ бакодтой регбийæ тренировкæмæ бакæсынмæ, æмæ цæмæндæр мæ зæрдæмæ фæцыди. Уыцы азты махмæ дæр регбийы командæ "Сæрмæттæ" куы фæзынди, уæд сдæн уый хъазæг. Хъыгагæн, махæн æххуысгæнæг уæды рæстæг нæ разынд, æмæ куыдфæстæмæ командæйы куыст бамынæг. Мæн фæхуыдтой Мæскуымæ, фæлæ уым мæ хъуыддаг нæ фæрæстмæ, æмæ ацыдтæн Красноярскмæ. Уым куыст цыди тынг бындуронæй, æмæ æз зæрдиагæй бавнæлдтон мæ арæхстдзинад бæрзонддæр кæнынмæ. Фыццаг хъазыдтæн "Красный Яр"-ы командæйы, уый фæстæ та сдæн "Енисей"-ы хъазæг.

Ацы командæйы ис тынг дæсны тренертæ, æмæ нæ хъазт тыхджынæй-тыхджындæр кодтам. Фæд-фæдыл Уæрæсейы чемпионтæ цалдæр хатты кæй сси "Енисей", уый йæхæдæг бирæйыл дзурæг у. Æнæмæнг, нæ командæ Европæйы Суперкубок рамбулынмæ дæр цæттæ уыд, фæлæ нын нæ фæндæгтæ уавæртæ сæхгæдтой. Ахæм рæстæг бафæразын фæхъæуы, цæмæй дæ спортивон цæттæдзинад ма фæцуда æмæ та, фадæттæ куы аивой, уæд хъомысджын уай дунеон ерысты архайынмæ. "Енисей"-ы разамонджытæ, уыцы уавæртæ зонгæйæ, архайынц, цæмæй, цы профессионалон æмвæзады ис командæ, уымæй дæлдæр ма кæна. Ныртæккæ Красноярскы нæ командæйы ис ноджыдæр ма иу ирон лæппу, Дзобелаты Хетæг. Æнæмæнг у курдиатджын лæппу, æмæ дзы стыр профессионалон хъазæг кæй рауайдзæн, уый мæ уырны. Мах Хетæгимæ бæргæ фæнды, Ирыстоны дæр регбийæн æмбæлгæ уавæртæ куы фæзынид, æмæ нæ фæсивæд ацы хъазтæй дæр сæ лæгдзинад куы æвдисиккой, уый. Мæн уырны, Ирыстоны регбийы стыр профессионалтæ иу æмæ дыууæ кæй нæ сырæзид, уый. Кæд искуы уыцы хабар æрцæуа, æмæ нæм регбийы скъола фæзына, уæд мах цæттæ стæм, нæ бон цы уа, уымæй æххуыс кæнынмæ, — радзырдта Битийы-фырт.

Азæмæт Уæрæсейы æртæ хатты чемпионæй уæлдай у Уæрæсейы Кубок цыппар хатты рамбулæг дæр. Нæ зæрдæ йын зæгъы ноджы стырдæр сгуыхтдзинæдтæ!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Барадон фæтк

## Дохтыртыл — уголовон хъуыддаг

**Уæрæсейы Слестгæнæг комитеты цæгатирыстойнаг управлени Республикон клиникон рынчындоны арæн хайады 31- æмæ 38-аздзыд сылгоймæгтæ-дохтыртыл сарæзта уголовон хъуыддаг.**

Ацы сылгоймæгты аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 293 статьяйы 2 хайы ("Адæймаг кæй æнарæхстдзинады аххосæй фæсахъат, ахæм æнæмæтдзинад") амынд фыдракæнд саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фарон 10 июлы йæхи æвзæр æнкъарæг æнхъæлцау сылгоймаг амынд хайадмæ бахатыд, радон бон райсомæй та ацы сылгоймагæн йæ гуыбыны амард йæ сывæллон (барадхъахъхъæнджытæ ацы цау банымадтой адæймаджы фæсахъат кæнынил).

Барадхъахъхъæнджытæ фыдракæнды æппæт æууæлтæ æвзарынц. Уымæй уæлдай, медицинон æххуыс афоныл бакæныны фæдыл бæрнондзинад кæмæ хауы, слестгæнджытæ медицинон кусæндоны æппæт уыцы хицауиуæггæнæг адæймæгты архайдæн дæр барадон уагæй аргъ скæндзысты.

**УФ-йы Слестгæнæг комитеты цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ**

Радон номыр

# Æхсызгонæн кæсинаг æрмæджытæ

**Мыхуыры рацыд журнал ”Мах дуг”-ы ацы азы 6-æм номыр. Хъæздыг æмæ мидисджын рауад аивадон, зонадон æмæ зæрдæйæн æхсызгон æнкъарæнтæхæссæг алыхуызон æрмæджытæй.**

Ирон литературæ чи уарзы, уыцы адæмæн уарзон у нæ республикæйы адæмон фыссæг Дауыраты Дамиры ном. Йæ уацмысты темæтæ сты алыхуызон. Фыссы документалон æмæ аивадон уацмыстæ. Журналы ацы номыры та йын бакæсдзыстут цардæй ист хабæрттæ.

Æмæ ахуырады ветеран, бирæ зæрдæагайгæ лирикон прозаикон уацмысты автор Джимиты Кларæйы уацау "Зелимханы фырт"-ы кæронбæттæн хай.

Поэзийы рубрикæйы та ис бакæсæн Къибирты Амырханы ног æмдзæвгæты цикл "Уæддæр мин цард кæнуй зæруæрдæмæ муд адæ".

Зындгонд нывгæнæг Джыккайты Мураты 75 азы юбилеймæ номыры ис журналы сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæйы интервью "Ахорæнты минмырон хуызтæ". Алы азты цы аивадон куыстытæ сарæзта, уыдон та фендзыстут "Мах дуг"-ы равдысты.

Аланыстоныл Саргъуыды 1100 азы бонмæ рубрикæйы бынмæ та бакæсдзыстут филологон наукæты кандидат Хъантемыраты Римæйы уац "Адæймаджы фæд". Автор дзы бæлвырдæй дзуры зындгонд рухстауæг Мамытты Стефаны цард




æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстадон архайды тыххæй. Журналы йын бакæсдзыстут йæ радзырд "Косе".

Фыссæг Гусалты Барисы этюдты цикл "Уыгæрдтæ"-йы кæронбæттæн хай æмæ Хестанты-Бутаты Победæйы очерк "Дзулласæг" та бакæсæн ис рубрикæ "Публицистикæ"-йы.

Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты профессор Плиты Гацыры æрмæг "Литературон фæлгонцтæ æмæ сæ нысан" кæсут рубрикæ "Ахуыргæнджытæн æххуысæн"-ы.

Газет "Рæстдзинад"-ы æхсæнадон уацхæссæг æмæ зæрдæмæдзæугæ æмдзæвгætæ æмæ зарджыты автор Гаглойты Анатоли сывæллæттæн цы уацмыстæ ныффыста, уыдонæй цалдæр бакæсæн ис журналы ацы номыры.

"Мах дуг" кæддæриддæр йе 'ргом здахы, национ мыхуыры рæзтыл йе сфæлдыстадон æрмдзæфæй хорзæй чи сахадыдта, уыцы журналисттæ æмæ фысджыты сфæлдыстад адæммæ хæццæ кæнынил. Ацы номыры дæр бакæсдзыстут Гагкайты Дзибисы хъæлдзæг хабæрттæ.

Æрæджы йæ цардæй ахицæн зындгонд поэт, прозаик, публицист Хъодалаты Герсан. Уый фæдыл журналы редакци мыхуыр кæны тæфæрфæс.

Мæйы культурон цардыл афæлгæст æмæ æндæр цымыдисаг æрмæджытæ дæр дзы ис бакæсæн.

**ГАСАНТЫ Валери**

Хъусынгæнинаг

## Литературон преми "Булæмæргъ"-ы ног сезон

**Республикæ Хуссар Ирыстоны Минæварад Уæрæсейы Федерацийы æмæ дунеон литературон преми ”Булæмæргъ”-ы совет хъусын кæнынц, 2022 азы преми райсыны фæдыл авторты куыстытæ æвзарын кæй райдыдтой, уый.**

**Преми райсынмæ бадæттæн ис ирон æвзагыл фыст уацмыстæ, кæнæ æндæр æвзæгтыл фыст уацмысты тæлмацтæ.**

**Конкурсы къамисмæ бадæттæн ис романтæ, уацаутæ, радзырдтæ кæнæ ахæм æмæ æндæр уацмысты æмбырдгæндтæ, стæй документалон прозæ æмæ мемуартæ.**

**Уыимæ, автортæ кæм цæрынц æмæ уацмыстæ мыхуыргонд кæм æрцыдысты, уыцы æууæл преми райсынæн æппындæр гæрæнтæ не ’вæры.**




**Конкурсы къамисы уынаффæйæ ”Булæмæргъ” лæвæрд æрцæудзæн ахæм хуызты:**

**Фыццаг преми — 60 мин сомы**
**Дыккаг преми — 40 мин сомы**
**Æртыккаг преми — 30 мин сомы.**

**Конкурсы архайыны фадат ис, 14 азæй 41 азы онг кæуыл цæуы, стæй ирон æвзагыл фыссынмæ дæсны чи у, уыдонæн.**

**Преми райсыны фæдыл æппæт æрмæджытæ дæр бадæттæн ис 2022 азы 30 декабры онг.**

**Премийы тыххæй уагæвæрд бæстондæр базонæн ис Республикæ Хуссар Ирыстоны Минæварады сæрмагонд сайты. Уымæй уæлдай, æппæт фарстытæ дæр бадæттæн ис премийы секретариатмæ ахæм телефонæй: +7 (495) 644-27-57.**

***Оргкомитет***

Хуссар Ирыстонæй

## Суадоны фæзуатмæ базылдысты

**Дзауы поселокмæ ’ввахс фæндаджы былгæрон цы суадон ис, уый алфамбылаймæ базылдысты районы коммуналон службæйы минæвæрттæ.**



Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта Дзауы районы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады хайады хицау **Цхуырбаты Тамерлан.**

Дзауы фæндаджы фарсмæ цы минералон донгуырæн ис, уый рагæй зындгонд у. Бæлццон адæмæй, æвæццæгæн, ахæм нæ вæййы, æмæ ацы бынаты чи ма баурома æмæ донæй ма фæхъæстæ уа. Уыимæ, бирæтæ суадонмæ сæрмагондæй æрбацæуынц, цæмæй дзы дон сисой æмæ йæ алыхуызон бæрцуæтты семæ аласой.

Фæлæ суадоны алыварс фæзуат зынвадат уыд. Ныр уавæр бынтондæр фæивта.

"Суадоны алфамбылай ныр йæ хуыз скалдта. Фæндæгты арæзтады программæ æххæст кæнгæйæ, донгуырæнмæ аив къахвæндаг скодтам. Фæз хорз рафидыдта хъæдын бандæттæй (уыимæ, бæлццæттæ кæм æрбадой, уыцы бынатæн къæвдайæ тæссаг нæу, уымæн æмæ йæ сæр æмбæрзт у). Иу ныхасæй, суадоны алыварс фæзынд æцæг фæлладуадзæн бынат", — загъта Цхуырбайы-фырт.

***("Осинформ")***

Æмзæххонтæ

## Бастдзинæдтæ — фæсарæйнаг ирæттимæ

**Цæгат Ирыстоны Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министрад фæсарæнты цæрæг 25 ирон диаспорæимæ æмæ нæ бæстæйы фæзуатыл цæрæг æхсæнадтæ 43 иугондимæ бастдзинæдтæ дары. Амынд организацитæ æппæт дунейы иу кæнынц нæ республикæйæ рацæуæг дæсгай мин адæймæгты.**



Турчы ирон диаспорæ нымад у æппæтæй егъаудæр æмæ æппæтæй рагондæр фæсарæйнаг ирон диаспорæйыл. 150 азы размæ Туркмæ ацæуæг ирæттæй бирæтæ канд се 'гъдæуттæ нæ, фæлæ се 'взаг дæр бахъахъхъæдтой. Ацы бæстæйы ирон диаспорæмæ хауы 4 мин адæймаджы бæрц.

— Нæ фыдæлтæ сæ райгуырæн зæххы тыххæй хабæрттæ арæх дзырдтой, стæй сæ зонындзинæдтæй сæ кæстæртæн хай кодтой. Ныртæккæ куыд у, советон хицауады заман Туркæй Ирыстонмæ афтæ æнцонæй æрбацæуыны фадат нæ уыд. Ирыстонмæ æрмæст стæм адæймæгтæ æфтыдысты, ныртæккæ та Уæрæсемæ æнцонæй бацæуыны фадат ис, нырыккон технологиты фæрцы адæм кæрæдзимæ хæстæгдæр сты. Нæ рагфыдæлты райгуырæн Ирыстон махæй рох нæу. Турчы ирон диаспорæ Ирыстонимæ æнгом бастдзинæдтæ дары. Ирыстон фенины фæрцы нæм æхцон æнкъарæнтæ сæвзæрынц, — зæгъы Турчы ирон диаспорæйы разамонæг **Хъуысаты Садреттин**.

Уæнгты нымæцæй дыккаг бынат ахсæг, Бельгийы æрбынæттон уæвæг ирон диаспорæмæ хауынц Ирыстонæй рацæуæг, амынд бæстæйы, стæй Голландийы, Дани æмæ Люксембургы цæрæг ирæттæ. Ноджыдæр ма иу стыр ирон диаспорæ регистрацигонд у казахстайнаг горæт Актауы.

— Хæдбар Паддзахæдты Æмхæларадмæ хауæг бæстæты цæрæг ирон æхсæнæдтимæ нын раздæрау ис фидар бастдзинæдтæ, политикон домæнтæ кæмæ æвдисынц, иуæй-иу европæйаг бæстæты цæрæг уыцы ирон æхсæнæдтимæ та раздæры хуызæн парахатæй бастдзинæдтæ дарыны фадат нæй, — загъта амынд ведомствæйы минæвар.

Фæстаг цалдæр мæйы дæргъы Калининграды, Омскы, Новороссийскы, Севастопол æмæ Белоруссийы цæрæг ирон æмзæххонты иугæндтимæ æмгуыстад рапарахат.

**Нæ уацхæссæг**

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**ТЪЕХТЫ Валентин**

### Цард

*Куыд диссаг у, куыд диссаг цард!*
*Чи къæсхуыр у, чи та тынг нард.*
*Кæм зард хъуысы, кæм та — хъарæг,*
*Чи аразæг, чи та — марæг.*

*Иу асиныл хæрдмæ цæуы,*
*Иннæ бынмæ тулгæ кæуы.*
*Иу адæммæ бынмæ кæсы,*
*Иннæ-та йæ йе 'ккой хæссы.*

*Мæнмæ арæх афтæ кæсы,*
*Бахудын мын зиан хæссы.*
*Цалынмæ уа зæххыл марæг,*
*Уæдмæ хъуамæ кæнæм хъарæг.*

*Иу сырд мины тæрсын кæны,*
*Иу йæхицæн нæ зын кæны.*
*Искæй рис æм нæ бахъары,*
*Йæхи рис та куыд бахъара.*

*Дуне хъуамæ арвау нæрид,*
*Хæрам тыхты дæлдзæх кæнид...*
*Гъе стæй худгæ хъæрæй ныззар,*
*Стыр Хуыцауæн йæ ном ыссар!*

*07. 07. 2014*

### Хæс

*Фыдыл куысты цыд йæ рæстæг,*
*Мæ мад уыди нæ сæрыл хаст.*
*Бирæ уарзтой хиуон-хæстæг,*
*Никæмæй-иу ракодтой хъаст.*

*Сæ цард цыди сæ хæсты бын, —*
*Нæ базыдтой рæстмæ цæрын.*
*Уыдон хæссынц кæдæмдæр хуын,*
*Æз та куыстæй мæхи хæрын.*

*Сæ иу хæс-иу сын бафыстон, —*
*Иннæ та-иу се'ккой абадт.*
*Хæстæ фидгæ цард æрвыстон,*
*Ацу, искæй хæстæ ма радт!..*

*Мæ хо æмæ ме 'фсымæртæ*
*Ныйиарджыты хиад хæссынц,*
*Хæстæ исынц хæрзæнæмæтæй,*
*Мæнæн та сæ фидын кæнынц.*

*Æмæ та сын куы бафидын*
*Сæ хæстæ, уæд куыд сулæфын!*
*Мæ тых уымæн нæ фидиуы, —*
*Зæрдæйы зын уым куы сафын!*

*29. 06. 2014*

**Работаю со слабоуспевающими детьми начальных классов. Результаты гарантирую. ТЕЛ.: 8-989-130-37-68 (Таисия).**

Номыры радгæс редактор — **Хъойбайты Галинæ.**
Номырыл бæрнон — **Сланты Аслан.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:

362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3325.
Заказ № 722.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**